

Èske w te konn resevwa asistans pou lwaye HUD anvan siklòn Laura? Ou kapab elijib pou èd FEMA

Release Date: Septanm 25, 2020

BATON ROUGE, La.— Si Siklòn Laura afekte w dirèkteman epi ou abite nan youn nan 21 pawas ki deziyen pou resevwa Èd Endividyl FEMA a epi ou t ap resevwa asistans pou lwaye Depatman Meriken pou Lojman ak Devlopman Iben (HUD) anvan siklòn lan, ou ta dwe anrejistre nan FEMA.

Ou ka mande èd nan FEMA si Laura te oblige w kite lojman HUD t ap ede w peyea. Sa a se pou moun ki:

- T ap viv nan lojman piblik HUD ede yo peye.
- T ap viv nan yon apatman prive ki benefisyè èd pou lwaye HUD la.
- T ap viv nan yon kay prive ki itilize Bon Chwa Lojman Seksyon 8 (Section 8 Housing Choice Voucher) otorite lojman an.

Men kèk nan èd ou ka kalifye pou yo:

- Èd tanporè pou peye yon kote pou ou menm ak fanmi w rete.
- Sibvansyon pou ranplase sa ki esansyèl - tankou rad ak atik menaje endispab yo - ak depans medikal, dantè ak pou antèman.

Moun ki asistans pou lwaye HUD la ka resevwa èd FEMA pou peye yon kote pou yo rete jiskaske:

- Ou retounen al viv nan lojman piblik.
- Ou retounen al viv nan lojman prive ki bay asistans HUD la.
- Ou itilize yon bon Seksyon 8 pou w siyen yon kontra-lwaye ak pwopriyete yon kay prive.

Lwa federal anpeche FEMA diplike benefis yon lòt ajans ap bay. Lè kay yon rezidan ke HUD ap ede vin abitab, HUD sispann peye asistans pou lwaye pou



FEMA

Page 1 of 2

rezidans sa a. Lè sa a sivivan an ka fè yon demann Èd Endividyl nan FEMA. Pa gen diplikasyon benefis paske HUD p ap peye asistans pou lwaye.

Lè sivivan an tounen al viv nan yon rezidans HUD ede l peye oswa siyen yon nouvo kontra-lwaye pou lojman nan kad pwogram Seksyon 8 la, asistans HUD la rekòmanse. Nan pwen sa a, sivivan an ka pa resevwa asistans FEMA ankò.

Premye etap yo dwe konsidere pou jwenn èd FEMA a se fè on demann. Gen twa fason:

- Konekte sou [DisasterAssistance.gov](#).
- Telechaje app FEMA a. Ou kapab tou itilize app la tou pou tcheke demann ou an.
- Si w pa kapab aksede sit entènèt oswa app FEMA a, rele nimewo sèvis asistans FEMA a nan 800-621-3362. Si w itilize TTY, rele nan 800-462-7585. Si w itilize 711 oswa Sèvis Relè Videyo (VRS), rele nan 800-621-3362. Moun ki sèvi ak yon sèvis relè tankou yon videofòn, Innocaption oswa CapTel ta dwe fè FEMA konnen ki nimewo espesifik yo dedye a sèvis sa a.

Vizite [DisasterAssistance.gov](#) epi antre adrès ou pou konnen si pawas ou a deklare pou Èd Endividyl.



FEMA

Page 2 of 2